

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Nulis nyaéta salasihiji kaparigelan basa manusa dina komunikasi salian ti maca, nyarita, jeung ngaregepkeun. Dina kagiatan nulis, panulis kudu miboga kaparigelan dina ngagunakeun kosa kecap jeung struktur basa. Nulis miboga tujuan pikeun ngaproyéksikeun hiji hal kana tulisan (Nasution, 2017). Nurutkeun Zainurrahman (2011:2) di jaman kiwari, kaparigelan nulis kaasup kana kaparigelan nu mikabutuh pamikiran kritis, kamampuh literasi, tur geus jadi kaparigelan basa lanjutan.

Hasil panalungtikan *Central Connecticut State University* (CCSU), nétélakeun yén Indonesia aya di urutan ka-60 ti 61 nagara dina urusan literasi hususna nulis (Rahman, 2018, kc. 1). Ku héngkerna minat nulis téh tangtu waé miboga dampak kana kualitas atikan di Indonesia. Ku kituna, kaparigelan nulis téh perlu dironjatkeun ku cara diajar ngaliwatan pangajaran di sakola. Kalawan penting nalika urang mampu ngawasa kaparigelan nulis anu hadé, ku sabab nulis téh mangrupa salasihiji pakakas atawa média pikeun mére jeung narima informasi.

Aya sababaraha Kompetensi Dasar ngeunaan nulis di sakola, salasihijina nyaéta nulis aksara Sunda. Aksara Sunda dipaké ku karuhun urang Sunda pikeun komunikasi tinulis. Ngaliwatan tradisi tulisan, generasi saterusna bisa manggih informasi anu diwariskeun ti karuhun. Ku kituna geus jadi kawajiban urang Sunda pikeun ngamumulé basa warisan ti karuhun kaasup aksara anu digunakeunana. Éta hal di rojong ku Peraturan Daerah Kota Bandung Nomor 9 taun 2012 nu eusina *“menetapkan dan mengembangkan materi pengajaran Bahasa, Sastra, dan Aksara Sunda dalam kurikulum muatan lokal wajib di setiap jenjang dan satuan pendidikan formal dan non-formal.”* (Darmayanti spk., 2018). Hartina yén widang pendidikan mangrupa widang anu jadi salasihiji strategi utama pikeun ngahontal udagan dina ngariksa budaya Sunda.

Dina Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda SMA/SMK/MA/MAK basis Kurikulum 2013 revisi 2017 disebutkeun yén KD 4.7. *mengkreasikan aksara sunda sesuai dengan kaidah-kaidahnya* (Lokal,

2017, kc. 36). Siswa dipiharep bisa ngakréasikeun aksara Sunda anu luyu jeung kaédah-kaédahna kucara bisa nulis jeung ngabédakeun aksara swara, aksara ngalagena, angka, jeung rarangkén kalawan bener. Ku kituna kapaluruh yén materi aksara Sunda kudu dipedar dina pangajaran basa Sunda kelas X di sakola.

Tina sababaraha taun ka tukang, hasil tina pangajaran aksara Sunda masih kurang nyugemakeun, katitén masih kénéh kawilang héngkér kaparigelan siswa dina nulis aksara Sunda, luyu kana hasil observasi jeung wawancara ka salasahiji guru basa Sunda SMA Angkasa Bandung anu nyebutkeun masih kénéh kawilang héngkér kaparigelan siswana dina diajar nulis aksara Sunda. Hal anu jadi kasang tukangna téh nyaéta kawatesanna bahan jeung sumber ajar, waktu ajar anu kurang, jeung modél pangajaran nu dipaké kurang inovatif. Éta hal dirojong ku panalungtikan saacanna, nyaéta panalungtikan anu dilakukeun ku Elsi Juliar (2013) dina skripsina nu miboga judul *'Kaéféktifan Modél Make A Match jeung Explicit Intruction Dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda'* anu nétélakeun hal sarupa yén loba pisan bangbaluh nalika diajar nulis aksara Sunda di Sakola nyaéta; kahiji, siswa kurang aktif lantaran guru kurang rancagé dina milih modél pangajaran; kadua, siswa teu bisa ngabédakeun jenis aksara Sunda nu dipedar, ku kituna alokasi waktu masih kurang; katilu, kurang gawé bareng antara guru jeung siswa; kaopat, kurangna fasilitas anu nyumponan pikeun jadi fasilitator salila pangajaran lumangsung.

Kagiatan diajar ngajar téh mangrupa hiji sistem, nu ngawengku tujuan pangajaran, bahan ajar, media ajar, strategi pangajaran jeung modél pangajaran, sarta evaluasi. Nurutkeun Rahman (2011:1) Modél pangajaran mangrupa salasahiji kompetensi nu kudu dikawasa ku sakabéh guru, lantaran éta hal mangrupa salasahiji indikasi nu bakal nangtukeun kahontal atawa henteuna tujuan pangajaran. Luyu jeung pamadegan Hendracipta, spk. (dina Prihatiningsih & Setyanigtyas, 2018) anu nétélakeun yén guru téh kudu bisa milih stratégi jeung média pangajaran anu luyu jeung kaayaan kamampuh siswa di kelas. Kualitas pangajaran sacara operasional bisa diartikeun salaku inténsitas silih patalina sistematis jeung sinérgis guru, siswa, kurikulum, bahan ajar, media, fasilitas, jeung sistem pangajaran dina ngahasilkeun prosés jeung hasil diajar anu optimal saluyu jeung pangdongsok kurikulum (Depdiknas dina Febriana, 2011). Modél pangajaran dipiharep bisa jadi métode

pikeun ngaronjatkeun motivasi, aprésiasi, jeung inovasi dina prosés pangajaran sangkan kahéngkér anu nyampak dina pangajaran bisa ditungkulan.

Modél pangajaran kooperatif nurutkeun Bern jeung Erickson (dina Komalasari, 2013) mangrupa stratégi pangajaran pikeun ngaorganisir pangajaran ngaliwatan nyieun kelompok leutik dina prosés pangajaran pikeun ngalatih gawé bareng siswa dina ngahontal tujuan pangajaran. Salasahiji modél pangajaran kooperatif anu cocok pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X téh nyaéta modél pangajaran *Numbered Heads Together*. Luyu jeung pamadegan (Shoimin, 2014) anu nétélakeun yén modél *Numbered Heads Together* mangrupa salasahiji tina stratégi pangajaran kooperatif sarta modél pangajaran *Numbered Heads Together* téh mangrupa modél pangajaran anu sifatna kelompok, nu unggal anggota kelompokna miboga tanggung jawab kana tugas kelompokna, ku kituna unggal anggota bisa silih méré jeung narima informasi ti anggota nu hiji jeung anggota nu lianna. Kaonjoyan tina ieu modél diantarana; kahiji, unggal siswa jadi siap; kadua, bisa diskusi kalawan daria; katilu, aya interaksi sacara inténs antarsiswa dina ngajawab soal; jeung nu kalima, teu aya murid anu punjul sorangan dina kelompok, kusabab unggal siswa miboga nomer séwang-séwangan tur miboga kasempetan anu sarua pikeun ngajawab soal.

Panalungtikan saméméhna anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan anu dilakukeun ku Respi Lestari (2013) ngeunaan *Modél Numbered Heads Together (NHT) dina Pangajaran Maca Warta*. Tuluy aya panalungtikan Nuraeni (2014) ngeunaan *Modél Pangajaran Numbered Heads Together (NHT) Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Paparikan*, jeung panalungtikan Dais Nurhalisa (2019) ngeunaan *Modél Numbered Heads Together dina Pangajaran Ngaregepkeun Dongéng*. Katitén tina panalungtikan-panalungtikan saacanna modél *Numbered Heads Together* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh maca, nulis, jeung ngaregepkeun. Bébédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saacanna nyaéta béda dina matéri anu diujina.

Dumasar Pedaran di luhur, pikeun nguji éféktif atawa henteuna modél pangajaran *Numbered Heads Together* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa dina pangajaran aksara Sunda, perlu aya panalungtikan kalawan judul “*Modél*

Numbered Heads Together dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X C SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2022/2023)”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah anu diidéntifikasi nyaéta:

- a) kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X C SMA Angkasa Bandung masih kénéh asor, utamana dina nulis aksara swara, aksara ngalagena, rarangkén, aksara angka, jeung karapihan tulisan;
- b) modél pangajaran *Numbered Heads Together* teu acan kungsi dipaké dina matéri aksara Sunda. Léngkah-lengkah dina modél *Numbered Heads Together* téh di antarana siswa dibagi kelompok, unggal siswa dibéré nomor salaku gaganti idéntitasna, tuluy guru bakal nyebut nomor sacara acak, nomor anu dipanggil maju kahareup pikeun ngajelaskeun hasil gawé bareng kelompokna.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dina ieu panalungtikan masalah anu dirumuskeun kalawan wangun saperti ieu di handap.

- a) Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda Siswa Kelas X C SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Numbered Heads Together*?
- b) Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda Siswa Kelas X C SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2022/2023 sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Numbered Heads Together*?
- c) Naha aya bédana kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X C SMA Angkasa Bandung antara saméméh jeung sanggeus dilarapkeunna modél pangajaran *Numbered Heads Together*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah anu geus dipedar di luhur, sacara umum tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nguji éféktif henteuna modél *Numbered Heads Together* dina pangajaran aksara Sunda kelas pikeun kelas X C SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2022/2023.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadeskripsikeun :

- a) kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X C SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh dilarapkeun modél *Numbered Heads Together*;
- b) kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X C SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2022/2023 sanggeus dilarapkeun modél *Numbered Heads Together*; sarta
- c) béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa saméméh jeung sanggeus dilarapkeun modél *Numbered Heads Together*.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun mekarkeun élmu pangaweruh, salaku bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna, hususna ngeunaan modél *Numbered Heads Together* dina pangajaran nulis aksara Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan bisa diwincik saperti ieu di handap.

- a) Pikeun siswa, bisa kairut jeung ngamekarkeun motivasi kaaktifan sarta bakal ngaronjatkeun hasil diajar hususna diajar nulis aksara Sunda.
- b) Pikeun guru, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan modél pangajaran *Numbered Heads Together* pikeun dijadikeun salasihiji strategi diajar guna nyiptakeun siswa anu aktif, kréatif tur dipikaresep.
- c) Pikeun nu nalungtik, bisa dijadikeun motivasi sangkan mampu nyiptakeun, ngararancang sarta ngamangpaatkeun modél pangajaran nu aya salaku alat pikeun mekarkeun pola pangaweruh, pamahaman, sarta ngarahkeun siswa kana bahan ajar anu pikaresepeun.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dijieun pikeun jadi panalungtikan kalawan sistematis dina wangun skripsi. Ieu skripsi téh disarungsum jadi lima bab anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, anu ngawengku kasang tukang, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan tiori anu ngawengku tiori ngeunaan nulis, modél pangajaran *Numbered Heads Together*, aksara Sunda, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

BAB III Méthode Panalungtikan, anu ngawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung pedaran, anu ngawengku hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan modél pangajaran *Numbered Heads Together* dina pangajaran nulis Aksara Sunda siswa kelas X C SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2022/2023.

BAB V Panutup, anu ngawengku kacindekan, implikasi panalungtikan sarta rékoméndasi tina hasil panalungtikan.